



Deklarasyon pou Laprès  
POU PIBLIYE IMEDYATMAN 4/25/2025

### **MIRA Antre nan Pwosè Kont Administrasyon Trump**

Vandredi 25 Avril, Kowalisyon Defans Imigran ak Refijye Massachusetts (MIRA) te antre kòm yon pleyan nan ka *Solutions in Hometown Connections et al. v. Noem et al.*, ki fè konnen ke administrasyon Trump la te retire enjisteman \$300,000 nan finansman ki te deja akòde a MIRA pou sèvis sitwayènte an. Direktris Egzekitif Kowalisyon MIRA a, Elizabeth Sweet, te bay deklarasyon sa a sou devlopman an:

"MIRA fyè pou l antre nan batay sa a kont administrasyon Trump ki te koupe enjisteman plizyè santèn milye dola nan finansman ki te deja deziyen pou ede moun ki gen Green Card ki abite legalman nan Etazini aplike pou sitwayènte. Imigran ki tap viv epi travay nan Etazini merite sipò pou navige pwosesis aplikasyon sitwayènte ki genyen konfizyon, ki chè e long. Nou pa p vire do nou ba imigran sa yo kounye a. Nou espere prezante ka nou nan tribinal ansanm ak òganizasyon ki sèvi imigran yo atravè peyi a."